



## Kiyès ki elijib?

### Pou kalifye pou D-SNAP:

- Aplikan yo PA dwe ap resevwa Asistans Manje nòmal la.
- Aplikan yo dwe t ap viv nan yon konte ke yo te deklare sinistre nan epòk Siklòn **Helene** oswa Siklòn **Milton**.
- Kandida yo dwe sibi yon pèt ki lye ak katastwòf la tankou:
  - Domaj nan kay (yo) oswa pwopriyete travay endepandan yo.
  - Pèt manje.
  - Rediksyon oswa pèt revni.
  - Lòt depans ki gen rapò ak katastwòf.
- Aplikan yo dwe ranpli kondisyon elijiblite finansye yo.
- Aplikan **Helene** yo dwe deklare revni anvan taks fanmi an te resevwa ant 23 septanm 2024 ak 22 oktòb 2024.
- Aplikan **Milton** yo dwe deklare revni anvan taks fanmi an te resevwa ant dat 5 oktòb 2024 - 3 novanm 2024.
- Aplikan **Helene** yo dwe deklare tout byen likid nan fwaye a ki te disponib nan dat 23 septanm 2024, ki enkli lajan kach ak lajan sou kont chèk ak kont epay.
- Aplikan **Milton** yo dwe deklare tout byen likid fwaye a ki te disponib nan dat 5 oktòb 2024, ki gen ladan lajan kach ak lajan sou kont chèk ak kont epay.

## Kisa D-SNAP ye?

Pwogram Asistans Manje pou Dezas Natirèl (D-SNAP) bay asistans manje pou moun ak fanmi ki viktim nan Siklòn **Helene** ak Siklòn **Milton** ki pap resevwa asistans manje deja. Depatman Agrikilti Ameriken an, Depatman Timoun ak Fanmi Florid (Depatman) ap aplike D-SNAP.

- D-SNAP pral aplike pa etap, pa konte.
- Enskripsyon alavans obligatwa pou tout aplikan yo.
- Pou akselere sèvis pou fanmi ki elijib yo, Depatman an ap ofri entèvyou telefòn atravè Sant Apèl D-SNAP.
- Depatman an pral òganize evènman D-SNAP an pèsòn tou pou rezidan ki pa ka patisipe nan entèvyou nan telefòn yo.

## Kijan mwen ka aplike?

Pre-Enskri Sou Entènèt  
**AK**

Entèvyou Nan Telefòn  
Senp, pa gen okenn entèvyou sou plas ki nesèsè\*

← **OSWA** →

Entèvyou Sou Plas  
Dat ak lè yo ka varye selon kote a\*

\*Pou wè orè pou chak konte ak tout detay yo, vizite:

[MyFLFamilies.com/DSNAP](https://www.myflfamilies.com/dsnap)

